

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kalimah transformasi mangrupa kalimah anu strukturna béda jeung kalimah inti tapi tetep kaharti maknana. Salah sahiji bagian dina kalimah transformasi téh nyaéta kalimah sirnaan, nyaéta ayana salah sahiji unsur anu dileungitkeun tanpa ngarobah makna éta kalimah (Sudaryat, spk. 2013, kc. 278).

Kalimah sirnaan atawa sok disebut élipsis, loba digunakeun boh dina kahirupan urang sapopoé boh dina karya sastra. Husus widang sastra, salah sahijina nyaéta dina sisindiran jeung wawangsalan, sabab wangunna kauger ku engang jeung kecap nu purwakanti ti unggal padalisanna, pasti loba sisindiran atawa wawangsalan nu salah sahiji unsur kalimahna dileungitkeun atawa ditukeur posisina sangkan bisa ngudag engang jeung purwakantina. Najan kitu, teu saeutik ogé kalimah nu dipaké dina sisindiran jeung wawangsalan téh mangrupa kalimah lengkep.

Conto sisindiran anu maké kalimah sirnaan:

*Kelebih jeung siki sentul,
campedak dikaparakeun.

Tebah-tebih abdi nyusul,
tos pendak Ø disapirakeun.*

(Windyagiri, 2011, kc. 26)

Dina kalimah eusi (padalisan tilu jeung opat) aya unsur nu disirmakeun nyaéta jejer ‘Abdi’ dina padalisan kaopatna. Leungitna jejer dipadalisan kaopat téh alatan ngudag sarua 8 engang sabab, umpama ditambahan jejer ‘Abdi’ bakal jadi 10 engang nu ngabalukarkeun béda jeung engang padalisan nu lain.

Dina kahirupan sapopoé, kalimah sirnaan gé loba digunakeun dina obrolan-obrolan santai masarakat umum. Upamana nalika pasangrok di jalan antara panyatur jeung pamiarsana sakapeung sok ngobrol heula sakeudeung, boh nu

nanya boh nu mairan sok rusuh, jadi sangkan éfektif aya unsur nu dileungitkeun atawa bisa jadi ngan saunsur nu digunakeun nanya atawa mairanna. Kitu deui umpama ngajar di sakola, pasti aya kalimah sirnaan nu digunakeun boh ku guruna boh ku muridna. Conto: “Ka mana?”, dijawab “Museum”. Atawa conto séjénna nalika ngajar: “Ngartos teu?”, dijawab “Ngartos”. Duanana sarua pada-pada teu maké jejer, tapi kaharti boh ku panyaturna boh ku pamiarsana. Jeung réa deui conto-conto obrolan dina kahirupan sapopoé nu ngagunakeun kalimah sirnaan.

Nu jadi alesan diayakeunna ieu panalungtikan téh ku sabab nilik kana ayana kakosongan panalungtikan ngeunaan prosés sirnaan unsur nu aya dina kalimah, tangtuna aya sababaraha katangtuan atawa hal anu émang geus ilahar nu ngabalukarkeun ayana unsur nu disirnakeun boh dina omongan lisan boh dina kalimah-kalimah dina tulisan jeung karya sastra.

Prosés leungitna unsur dina kalimah disebut délisi. Nurutkeun Sudaryat spk. (2013, kc. 278), unsur anu dileungitkeun atawa henteu dikealkeun téh aya nu bisa kapaluruh dumasar téks atawa wacana tulisanna (délisi tékstual), kontéks situasina (délisi situasional), atawa struktur kalimahna (délisi struktural). Ieu hal nu kudu ditalungtik téh, kalimah sirnaan naon waé nu kapanggih dina buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri, kumaha prosés dileungitkeunna unsur kalimah dina kalimah sisindiran, sarta kumaha lamun kalimah sirnaan dina sisindiran dijadikeun bahan ajar.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan kalimah sirnaan pernah dilakukeun ku Imas Khoerunisa dina taun 2006. Judul panalungtikannana nyaéta “Sirnaan Unsur Fungsional Kalimah Dina Novel *Mercedes 190* karya Muh. Rustandi Kartakusuma”. Hasil panalungtikannana nyaéta milah-milah kalimah sirnaan nu kapanggih dina novel dumasar unsur-unsur nu leungitna, kurang leuwih aya sirnaan tunggal; unsur nu leungitna ngan hiji, jeung sirnaan jembar; unsur nu leungitna leuwih ti hiji.

Dina taun 2016, buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri sorangan pernah ditalungtik ku Hena Sumarni, mahasiswa Basa jeung Budaya Sunda UPI. Panalungtikannana ngulik struktur kalimah sisindiran jeung

wawangsalanna kalayan judul “Kalimah dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri (Ulikan Struktur jeung Semantik)”. Dina panalungtikanna, Hena nganalisis wangun-wangun kalimah nu dipaké dina sisindiran jeung wawangsalan. Hasil panalungtikanna kapanggih yén kalimah nu dipaké dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri téh sacara umum mah maké kalimah ngantét. Lian ti éta, dipedar ogé tatali harti antar klausana jeung kahasan kalimah dina sisindiran. Sedengkeun ngeunaan kalimah sirnaan teu dipedar dina panalungtikan ieu.

Pikeun ngalengkepan élmu pangaweruh ngeunaan kalimah sirnaan, panulis miboga maksud pikeun nganalisis wanda kalimah sirnaan nu aya dina Sisindiran sangkan bisa nambahán élmu pangaweruh dina widang kabasaan jeung pangajaran kalayan judul panalungtikanana “Unsur Sirnaan Kalimah dina buku *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* Karya Dédy Windyagiri pikeun Bahan Ajar Nulis di SMP Kelas VIII”. Panalungtikan nu ayeuna difokuskeun maluruh wanda kalimah sirnaanna (délisi) sarta dipedar kumaha carana sangkan bisa dilarapkeun jadi bahan ajar nulis di SMP kelas VIII.

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh diwatesan ku nalungtik kalimah sisindiranna hungkul tanpa wawangsalanna. Ku kituna, dumasar kana watesan jeung kasang tukang di luhur, ditangtukeun tilu rumusan masalah.

- 1) Unsur sirnaan kalimah naon waé nu kapanggih dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- 2) Wanda kalimah sirnan (délisi) naon nu kapanggih dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri?
- 3) Kumaha lamun unsur sirnaan kalimah dina sisindiran jeung wawangsalan dijadikeun bahan ajar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan kagiatan panalungtikan ieu nyaéta pikeun nambahán élmu pangaweruh ngeunaan kalimah sirnaan, hususna prosés kalimah sirnaanna.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tilu tujuan, nyaéta:

- 1) Pikeun maluruh unsur sirnaan kalimah naon waé nu kapanggih dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri;
- 2) Maluruh wanda kalimah sirnan naon waé nu aya dina *Sisindiran jeung Wawangsalan Anyar* karya Dédy Windyagiri; jeung
- 3) Mikanyaho kumaha larapna kana pangajaran basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahán élmu pangaweruh ngeunaan kalimah sirnaan nu biasa dipaké dina kahirupan sapopoé hususna dina sastra.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Sabada diayakeunna panalungtikan, dipiharep pamaca leuwih ngarti nganalisis tiap kalimah atawa omongan nu ngagunakeun kalimah sirnaan luyu jeung kontéks situasina sangkan bisa ngurangan pasalia paham antara panyatur jeung pamiarsa atawa panulis jeung pamaca.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Hasil tina panalungtikan dipiharep bisa mangpaat dina sababaraha widang, diantarana:

- 1) pikeun pangajaran nulis di SMP kelas VIII;
- 2) sarana mahasiswa jeung umum pikeun nambahán élmu pangaweruhna ngeunaan kalimah sirnaan;
- 3) sacara akademis, panalungtikan sorangan bisa nambahán pangaweruh ngeunaan cara maluruh unsur nu leungit dina kalimah sirnaan; jeung
- 4) nambahán pangaweruh ka pangarang jeung pamaca ngeunaan kumaha pangaruh tata basa kana karya sastra nu dijieu.

1.4.4 Mangpaat Segi Isu sarta Aksi Sosial

Hasil panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh anu leuwih pikeun pamaca ngeunaan ayana kalimah sirnaan nu sacara teu sadar sok dipaké dina kahirupan sapopoé. Ku kituna, ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar di sakola disaluyukeun kana kurikulum nu dipaké.

1.5 Raraga Tulisan

BAB I Bubuka. Minangka bubuka pikeun ngawanohkeun kumaha waé panalungtikan nu baris dipedar, dina bab I ieu miboga eusi ngeunaan kasang tukang diayakeunna panalungtikan, rumusan masalah nu rék ditalungtik, tujuan sarta mangpaat panalungtikan, jeung raraga tinulis.

BAB II Kalimah Sirnaan, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Tiori. Dina bab ieu baris dipedar tiori-tiori ti para ahli nu bisa ngarajong jeung jadi tatapakan pikeun dilaksakeunna panalungtikan ngeunaan kalimah inti jeung kalimah sirnaan, sarta bahan ajar. Salian ti éta, dipedar ogé ngeunaan panalungtikan saméméhna ngeunaan kalimah sirnaan atawa ngeunaan sisindiran nu jadi objék panalungtikannana.

BAB III Métodeu Panalungtikan. Bab ieu ngaguar ngeunaan tata cara jeung léngkah-léngkah panalungtikan pikeun meunangkeun hasil nu dipimaksud luyu jeung tujuan panalungtikan. Ti mimiti métodeu nu dipaké, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sumber data, nepi ka téhnik analisis datana.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina hasil panalungtikan dipedar naon nu kapanggih sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan kalimah sirnaan dina sisindiran jeung wawangsalan sarta kumaha patalina hasil panalungtikan jeung tiori-tiori nu aya. Pedaran hasil panalungtikan dumasar kana tujuan panalungtikan.

BAB V Kecindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina bab panutup ngawengku kacindekan hasil panalungtikan, implikasi jeung rékoméndasi. Kacindekan dipedar dumasar kana rumusan masalah panalungtikan. Sabada disusun kacindekan hasil panalungtikan, tuluy disusun sababaraha implikasi jeung rékoméndasi ngeunaan kumaha lajuning laku tina ieu panalungtikan pikeun kamajuan élmu pangaweruh.

